



**VIL MIAMI, FLORID**  
**AVI POU TÈS EKIPMAN TABILASYON**  
**AK KALANDRIYE KOMISYON ELEKTORAL MINISIPAL POU**  
**ELEKSYON MINISIPAL JENERAL AK ESPESYAL 2 NOVANM 2021 VIL MIAMI**

Komisyon Elektoral Vil Miami va reyini nan Biwo Sipèvizè Eleksyon an, 2700 NW 87th Avenue, Miami, Florida 33172. Komisyon Elektoral la ap reyini nan dat sila yo pou Eleksyon Minisipal Jeneral ak Espesyal 2 novanm 2021 Vil Miami an.

DAT/LÈ	AKTIVITE
Mèkredi 20 oktòb 2021 10:00 a.m.	1. Tès Lojik ak Presizyon pou sistèm ekran dijital ak lektè optik vòt ki pral sèvi pou bilten vòt pou vote pa lapòs, bilten vòt pou vote pi bonè ak bilten vòt biwo vòt yo
Madi 26 oktòb 2021 jiska vandredi 5 novanm 2021 Kòmanse a 8:30 a.m. jiska 9:00 a.m.	1. Enspeksyon piblik bilten vòt pou vote pa lapòs (jan yo egzije sa)
Mèkredi 27 oktòb 2021 Kòmanse a 10:00 a.m. jiskaske li fini	1. Tès Lojik ak Presizyon anvan dekont pou sistèm lektè optik vòt ki pral sèvi pou bilten vòt pou vote pa lapòs yo ak bilten vòt pwovizwa 2. Apwobasyon pou kòmanse ouvèti, trètman ak diplikasyon bilten vòt pou vote pa lapòs 3. Ouvèti ak trètman bilten vòt pou vote pa lapòs yo (si sa nesèsè) 4. Depouyman bilten vòt pou vote pa lapòs ki prezime pa valid (si sa nesèsè) 5. Diplikasyon bilten vòt yo (si sa nesèsè)
Madi 2 novanm 2021 Kòmanse a 5:00 p.m. jiskaske li fini  Kòmanse a 7:00 p.m. jiskaske li fini	1. Depouyman bilten vòt pou vote pa lapòs ki prezime pa valid (si sa nesèsè) 2. Diplikasyon bilten vòt yo (si sa nesèsè)  3. Tabilasyon rezilta yo 4. Rezilta ki <u>pa ofisyèl</u> yo
Vandredi 5 novanm 2021 Kòmanse a 10:00 a.m. jiskaske li fini	1. Depouyman bilten vòt pou vote pa lapòs ak bilten vòt pwovizwa (si sa nesèsè) 2. Sètifikasyon rezilta <u>ofisyèl</u> yo ki gen ladan bilten vòt pou vote pa lapòs ak bilten vòt pwovizwa 3. Tès Lojik ak Presizyon apre dekont pou sistèm lektè optik vòt yo itilize pou bilten vòt pou vote pa lapòs ak bilten vòt pwovizwa 4. Seleksyon kous ak biwo vòt pou odit mànhyèl apre eleksyon
Madi 9 novanm 2021 Kòmanse a 2:00 p.m. jiskaske li fini	1. Pwosesis odit kòmanse jiskaske li fini

**Manm Komisyon Elektoral**

Betsy Alvarez-Zane, Prezidan, Jij Konte  
Todd B. Hannon, Grefye Vil  
Charles McEwan, Elektè Kalifye

**Manm Altènatif/Ranplasan Komisyon Elektoral**

Carlos Gamez, Jij Konte  
Bernice C. Lee, Elektè Kalifye  
Joseph T. Longueira, Elektè Kalifye

Tout pwosedi yo va ouvè a piblik la. Pou yon entèprèt langaj siy oswa lòt akomodasyon, tanpri kontakte Biwo Grefye Vil la nan 305-250-5361 omwen senk (5) jou ouvrab davans. Itilizatè TTY yo ka rele nan 711 (Sèvis Relè Florid).

An akò avèk Seksyon 286.0105, Lwa Florid, yon moun ki fè apèl kont kèlkeswa desizyon Komisyon Elektoral la pou sa ki gen rapò ak kèlkeswa sa yo konsidere nan yon reyinyon, li va bezwen yon dosye pwosedi yo epi asire ke gen yon dosye mo pou mo pwosedi yo ki fèt.

Tanpri sonje ke orè Komisyon Elektoral la kapab chanje, si sa nesèsè. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [www.miamigov.com/elections](http://www.miamigov.com/elections) oswa kontakte Biwo Grefye Vil Miami nan Clerks@miamigov.com oswa 305-250-5361.

Ad No.36457

Todd B. Hannon  
Grefye Vil